

# Pouki sa....

## “Prim Soley Leve”

?



**Stephen Italien**

De: 3BB

Pou travay li ak:

**La Difference**

La Difference se yon modèl kominate nan Site Solèy. Depi 2006 moun kap viv nan ti katye sa a kenbe lari yo pwòp, kay yo bël, e zon nan byen sekirize. Yo enspire plizyè mil lòt Soleyen pou pran responsibilite yo pou lakay yo ak aksyon lokal e lespri konbit. La Difference se yon mamb fondatè mouvman sosyal Konbit Solèy Leve. La Difference genyen abitid fè yon fwa agwo-atizanal chak ane ki fè pwomosyon pou tout bagay pozitif andan Site Solèy.

Stephen Italien se youn nan fondatè La Difference. Se enspirasyon ak lidèchip li kite lanse tansfomasyon katye sa a pou li vini zon ki pi pwòp nan tout Site Soley. Nan denye 8 lane yo travay Stephen ak La Difference poko janm rekonèt fomèlman pou tout bon travay yo ap fè.

**Prim sa a ale nan men Stephen Italien ak tout sitwayen nan La Difference paske yo rete yon enspirasyon pou tout moun andan Site Soley.**


Robillard Louino, kite grandi nan Site Solèy e ki fè metriz li nan Konstriksyon Lape ak Chanjman kominotè toujou ap chache pou sitwayen òdinè nan Site Solèy ki ap fè aktivite ekstraòdinè pou kreye lapè ak chanjman nan kominote yo. Paske Site Soley genyen yon stigma vyolans, sou do li sisyete a genyen tandans inyore travay pozitif ke lidè ak gwo up sosyal ap fè nan komin sa. Pou batay kont pèsepsyon negatif sa a, Robillard deside chwazi 4 Lidè soysal ki ap fè ravya vraman enkwayanb pami yon bann ak yon paket ki ap travay pou ede Lape ak Chanjman sosyal grandi nan Site Solèy a. Jounen 25 jwen 2014 la Robi deside valorize 4 jèn sa yo ak Prim pou Lape pou tout efò yo.

Robi espere prim sa a pral ankouraje plis moun rete motive, e enspire lòt moun pou swiv chemen Lapè ak Chanjman e montre sisyete a ke pèp Site Soley vle—e yo ap travay pou Lape. Pou premye ane a Robi ap bay prim sa a kòm yon sitwayen, kòm yon notab, men li espere nan lavni ke kominote a pral pran responsabilite li pou kontinye onore pitit li yo ki ap travay pou Lapè ak chanjma sosyal.

Prim nan rele prim “Soley Leve” paske moun ki resewwa li reprezante filozofi mouvman Solèy Leve, e aksyon ke li ap fè ap ede soleyle la leve tout bon vre.

**SITE SOLEY**

## Prim pou Lape



## “Prim Soley Leve”

**Ane 2014**

“An n kontinye fè konbit!”

## *Lidè ki Nomine pou “Prim Soley Leve” ane 2014 ...*



**Frantz Francois**

De: Rue Volcy

Pou travay li ak:  
**SAKALA & Touris  
Ghetto**

**SAKALA** se youn sant kominote pou lajenès ki jere pa Pax Christi Ayiti. Sant la te kreye pou fe prevansyon kont vyalans ak aktivite ki angaje lajenes Site Solèy ak espò, aktivite kiltirèl, edikasyon, ak jaden laval.

Frantz se yon manb kle nan SAKALA e li toujou travay san pran souf pou asire ke sant lan ap byen sèvi lajenès nan Site Solèy. Li travay san rete pou gaye lide Jaden Tap Tap nan tout katye nan Site Solèy .

Ane sa li te travay pou konstwi bonj an relasyon ant jèn lidè ki ap travay pou lapè nan Site Solèy ak lòt ghetto tankou Matisan ak *Bèlè*, nan yon inisyatif ki rele ‘Touris Ghetto’. Frantz te òganize plizyè echanj ant lajenès nan katye sa yo, e fasilite yon retret ki te dire twa (3)jou nan SAKALA.

*Li merite prim sa pou tout travay li fe pou ede jèn lidè kreye lapè nan ghetto Ayiti.*



**Alashkar Milien**

De: Solèy 17

Pou travay li ak:  
**Konbit Soley Leve**

**Konbit Soley Leve** se yon jèn mouvman sosyal ki te fonde nan Site Solèy pou ankouraje katye yo travay ansanm ak aksyon pozitif sosyal. Li te fonde nan 25 Jwen, 2011 e li reyisi enspire plizyè mil Solèyen pou pran responsibilite pou katye yo.

Konbit Soley Leve se yon mouvman, pa yon òganizasyon, nan sans sa li pa genyen yon estrikti ofisyèl ou yon prezidan. Men li toujou bezwen lidè e Alashkar se youn nan lidè sa yo. Li te vin pran responsibilite li pandan yon moman kite difisil pou mouvman, e li te fè plis fanm ak timoun vin enplike, solidifye anpil patenarya enpotan, e kreye opòtinite pou echanj ant mamb yo.

Men pi gwo bagay li fè kòm lidè se pou kiltive lidèchip li pandan lap ankouraje kilti lidèchip kolektif, ki esansyèl pou tout mouvman sosyal.

*Li merite prim sa a pou travay li fè pou kiltive jèn lidè kap travay pou lape ak chanjman sosyal nan Site Solèy.*



**Sadrack Joseph**

De: Solèy 4

Pou travay li ak: **ID-Haiti & the Cite Soleil Basketball Team**

ID-Haiti se yon jèn organizaþon nan Site Solèy ki te etabli pou valorize talan lajenès nan Site Solèy.

Premye inisyatif ID-Haiti fè ki kolekte tout site solèy se etabli Cite Soleil Basketball Team la, yon ekip ki genyen jwè ki soti nan plizyè katye nan Site Solèy e ki te reyisi patisipe nan Champyona 2<sup>em</sup>Divizyon. Ekip la te inifye moun nan katye toupatou nan Site Solèy men'm pitit site a ki ap viv deyò , kreye ansanm de modèl pozitif pou lajenès, e ede chanje imaj negatif ke sosyete a genyen nan tèt li pou Site Soley.

Sadrack se prezidan e fondatè ID-Haiti ak Cite Soleil Basketball Team. Se dedikasyon li ak sakrifis li (ak tout lot dirijan yo) ki ede ekip la reyisi soti vis chanpyon nan champyona .

*Sadrack merite prim sa a pou dedikasyon li genyen pou konbat imaj negative ke sosyete genyen nan tèt yo sou Site Soley.*